# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–20 फरवरी 2026** **भोजपुरी समाचार**

अमेरिका क मसहूर वैदिक विद्वान डॉक्टर डेविड फ्रॉले आजु लखनऊ में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ से मुलाकाति कइलें। एगो रिपोर्ट–

***डॉक्टर डेविड फ्रॉले ने मुख्यमंत्री से मुलाकात के दौरान योग आयुर्वेद और सनातन संस्कृति पर चर्चा की। उन्होंने मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के साथ बिताए पलों को यादगार बताते हुए कहा कि श्री योगी उस नाथ परंपरा से जुड़े हुए हैं जो प्राचीन योग संस्कृति से जुड़ी हुई है और इसे भारत में जीवंत बनाए हुए हैं। वह इन परंपराओं को न केवल संरक्षित कर रहे हैं, बल्कि उन्हें वैश्विक स्तर पर विस्तार भी दे रहे हैं। डाक्टर फ्रॉले ने कहा कि अयोध्या का कायाकल्प बहुत की प्रसन्नता की बात है। यह वेदों की ओर लौटने का मार्ग है। उन्होंने कहा कि भगवान राम भारत की आत्मा के प्रतीक हैं और सभी धार्मिक परंमपराओं को एक सूत्र में पिरोते हैं। डाक्टर फ्रॉले ने कहा कि प्रभु श्रीराम का दर्शन आध्यात्मिक रूप से अत्यंत सुखद अनुभव देता है। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

विधानसभा में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आम बजट सत्र के सम्बोधित कइलें। येह दौरान उहां क कहलीं कि प्रदेस क प्रति व्यक्ति आय में उल्लेखनीय बढ़ोत्तरी भइल बा। बरिस दुइ हजार सोरह–सतरह में प्रति व्यक्ति आय करीब तैंतालीस हजार रहल। ओहीं, येह वित्तीय बरिस के आखिरी ले ई एक लाख बीस हजार से बेसी हो जाई। श्री योगी कहलें कि तेरह लाख करोड़ क उत्तर प्रदेस क जीएसडीपी के बढ़ा के हमनी के छत्तीस लाख करोड़ रूपिया तक ले जा रहल हईं। बरिस दुइ हजार छब्बीस–सत्ताइस ले एके चालीस लाख करोड़ रूपिया ले पहुंचवले क लक्ष्य बा। उहां के कहलीं कि आजु देस में सबसे बेसी करीब छियानबे लाख एमएसएमई इकाई उत्तर प्रदेस में चलि रहल हइनि। एकरे जरिया से तीनि करोड़ से बेसी प्रदेसवासियन के रोजिगार आ स्वरोजिगार क मौका मिलि रहल बा।

आजु विधानेसभा में चरचा के दौरान प्रदेस क श्रम मंत्री अनिल राजभर कहलें कि नियम के मोताबिक सरकार संविदा आ आउटसोर्स करमचारियन के हित क धियान रखि रहलि हौ।

***माननीय उच्चतम न्यायालय के भी आदेश हैं मान्यवर, सरकार की भी मंशा है कि आउटसोर्स के माध्यम से जिनको भी मौका मिला है उनकों हम नहीं निकालेंगे। कम्पनियां बदल सकती हैं लेकिन कर्मचारी नहीं बदले जायेंगे। उनको नहीं हटाया जायेगा।***

**********

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आजु नई दिल्ली में सेवा तीर्थ में एआई आ डीपटेक स्टार्टअप क मुख्य कार्यकारी अधिकारी लोगिन के साथे एगो बइठकी कइलें। एहमें प्रधानमंत्री मजबूत डेटा प्रबंधन के जरूरति पर जोर दिहलें। उहां के गलत सूचनन के प्रति आगाह कइलीं आ देस के जरूरति के मोताबिक समाधान विकसित कइले क आग्रह कइलीं। एगो रिपोर्ट–

**प्रधानमंत्री ने यूपीआई को सरल और विस्तार योग्य डिजिटल नवाचार का एक मॉडल बताते हुए भारतीय कंपनियों में विश्वास व्यक्त किया और घरेलू उत्पादों पर भरोसा करने के लिए उन्हें प्रोत्साहित किया। श्री मोदी ने अंतरिक्ष क्षेत्र में निजी भागीदारी बढ़ाने की बात भी कही और भारतीय स्टार्टअप्स में निवेशकों की मजबूत रुचि का उल्लेख किया। गोलमेज बैठक के दौरान 16 एआई और डीपटेक स्टार्टअप के सीईओ और संस्थापकों ने अपने विचार और कार्य प्रस्तुत किए। ये स्टार्टअप्स स्वास्थ्य सेवा, कृषि, साइबर सुरक्षा, अंतरिक्ष और सामाजिक सशक्तिकरण जैसे विविध क्षेत्रों में व्यापक जनमानस पर प्रभाव डालने के लिए काम कर रहे हैं। प्रधानमंत्री ने साहसिक जोखिम उठाने और प्रभावशाली समाधान विकसित करने के लिए नवोन्मेषकों को बधाई भी दी। आनंद की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से मैं आकर्षिता सिंह।**

**********

कांग्रेस नेता राहुल गांधी आजु प्रदेश के सुल्तानपुर जिला में सांसद–विधायक अदालति में पेस भइलें। श्री गांधी बरिस दुइ हजार अठारह में गृह मंत्री अमित शाह के खिलाफ अपने टिप्पणियन से जुड़ल मानहानि मामिला में बेयान दरज करवलें। रायबरेली से लोकसभा सांसद राहुल गांधी के नौ मार्च के अगिला सुनवाई में अपने बचाव खातिर सबूत पेस करे के कहल गइल बा। येह बिच्चे, अदालति में कांग्रेस नेता अपने बेगुनाही क दावा कइलें।

**********

गोरखपुर में अन्तर्राष्ट्रीय क्रिकेट स्टेडियम बनवले क पहल तेज हो गइल बा। येही कड़ी में काल्हि प्रदेस सरकार आ इंडियन ऑयल कॉर्पोरेशन लिमिटेड के बिच्चे एमओयू पर दस्खति कइल गइल। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के सरकारी आवास पर उनके सामने भइल येह एमओयू के मोताबिक स्टेडियम के निरमाण में कॉर्पोरेशन की ओरि से साठि करोड़ रूपिया क सहजोग दीहल जाई।

**********

प्रदेस के पूरबी आ पच्छिमी जिलन में छब्बीस फरौरी ले मौसम सुस्क रहले क सम्भावना बा। मौसम विभाग येह दौरान अधिकतम तापमान में धीरे–धीरे दुइ से तीनि डिगिरी सेल्सियस के बढ़ोत्तरियो क संभावना जतवले हौ।

**********